**QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI VAZIRLAR KENGASHINING QARORI**

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MINISTRLER KEŃESINIŃ QARARÍ**

2023 - yil «23» - may 153-13-0-Q/23 Qoraqalpog'iston Respublikasi Vazirlar Kengashi

# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Nókis qalası hám rayonlarda 2023-jıl ushın isbilermenlik hám qala qurılısı iskerligin ámelge asırıw maqsetinde awıl xojalıǵına qaratılmaǵan jer uchastkasın ijaraǵa beriwdiń bir kvadrat metr jer uchastkası ushın eń kem muǵdarların tastıyıqlaw haqqında

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 14-fevraldaǵı «Awıl xojalıǵına qaratılmaǵan jer uchastkaların menshiklestiriw haqqında"ǵı Ózbekstan Respublikası Nızamın ámelge asırıw ilajları haqqında"ǵı 71-sanlı qararı menen tastıyıqlanǵan isbilermenlik hám qala qurılısı iskerligin ámelge asırıw ushın jer uchastkaların múlk huqıqı hám ijara huqıqı tiykarında elektron onlayn-aukcion arqalı beriw tártibi haqqındaǵı Rejesiniń 22-bánti talapların orınlaw maqsetinde, sonday-aq, «Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi haqqında"ǵı Nızamınıń 35-statyasına tiykarlanıp Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi **qarar etedi**:

1. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Nókis qalası hám rayonlarda 2023-jıl ushın isbilermenlik hám qala qurılısı iskerligin ámelge asırıw maqsetinde awıl xojalıǵına qaratılmaǵan bos turǵan jer uchastkaların elektron onlayn-aukcion sawdaları arqalı ijara huqıqı menen beriwdiń **bir kvadrat metr jer uchastkası ushın eń kem muǵdarı** bir kvadrat metr jer uchastkasınıń bir jıllıq bazalıq salıq muǵdarın hám aymaqtaǵı bar bolǵan hám keleside oraylasqan derekler esabınan payda bolıwı rejelestirilgen injenerlik-kommunikaciya tarmaqlarına jalǵanıw noqatların inabatqa alıp **qosımshaǵa muwapıq** tastıyıqlansın.

2. Nókis qalası hám rayonlar hákimleri Qurılıs ministrligi, Kadastr agentliginiń Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması, Mámleketlik kadastrları palatasınıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması hámde tiyisli ministrlik, mákemeler menen birgelikte belgilengen tártipte yuridikalıq hám fizikalıq shaxslarǵa isbilermenlik hám qala qurılısı iskerligin ámelge asırıw ushın jer

uchastkalardı ijara huqıqı menen beriw maqsetinde ekektron aukcion sawdalarına shıǵarılıwın támiyinlesin.

Bunda aymaqlarda jer uchastkalardı ijara huqıqı menen beriwdiń eń kem muǵdarların belgilewde jer uchastkasınıń maydanı (kv.m.), bir kvadrat jer uchastkası ushın ijaraǵa beriwdiń eń kem muǵdarı (som/ kv.m.), jer uchastkasın ijaraǵa beriw múddeti (jıl), jer uchastkasın tańlaw materialların tayarlaw jumıslarınıń bahası, jer uchastkasına bolǵan huqıqlardı mámleket diziminen ótkeriwge tiyisli qárejetler (som) inabatqa alinsın.

3. Nókis qalası hám rayonlar hákimleri nızamshılıqta belgilengen tiykarlar hám tártipte:

elektron aukcion sawdalarında satılǵan jer uchastkalarınan maqsetli hám nátiyjeli paydalanıwın turaqlı monitorińgin alıp barsin hámde maqsetsiz paydalanıw jaǵdayları anıqlanǵan jaǵdayda jer uchastkasın hákimlik rezervine alıw;

Qarjı ministrligi, Mámleketlik salıq basqarması, Kadastr agentliginiń Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması, Mámleketlik kadastrları palatası Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması, Mámleket aktivlerin basqarıw agentliginiǹ Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarması menen birgelikte aymaqlarda isbilermenlik hám qala qurılısı iskerligin ámelge asırıw maqsetinde awıl xojalıǵına qaratılmaǵan bos jer uchastkaları hám ımarat (bina) lardıǹ belgilengen eń kem muǵdarǵa qatań ámel etiliwin hámde jergilikli byudjetke pul túsimlerin waqıtında hám tolıq túsiriliwin támiyinlew ilájların kórsin.

4. Aymaqlıq salıq inspekciyaları tárepinen Nókis qalası, rayonlar hám óz aldına alınǵan aymaqlar (massivler), kishi sanaat, jaslar sanaat hám isbilermenlik zonaları ushın jer uchastkasın ijaraǵa beriwdiń eń kem muǵdarı belgilengen tártipte usı qarar tastıyıqlanǵan sáneden baslap bir jumıs kúni ishinde «Yerelektron” avtomatlastırılǵan elektron sistemasına kirgizilsin.

5. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti, Mámleketlik salıq basqarması hámde Kadastr agentliginiń Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması, Qaraqalpaqstan Respublikası Xabar hám ǵalaba kommunikaciyalar basqarması Qaraqalpaqstan Respublikası teleradiokompaniyası, «Erkin Qaraqalpaqstan” hám «Вести Каракалпакстана» gazetaları redakciyası menen birgelikte belgilengen tártipte usı qarardı xalıq hám isbilermenler ortasında úgit násiyatlaw, maqalalardı baspadan shıǵarıw hámde ǵalaba xabar quralları arqalı

sáwlelendiriw jumısların alıp barsın.

6. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmetine nızamshılıqta belgilengen tártipte usı qarardı rásmiy dereklerde járiyalaw wazıypası tapsırılsın.

7. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2022-jıl 18-may kúngi 288-13-0-Q/22-sanlı qararı óz kúshin joytqan dep esaplansın.

8. Usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge juwapker Salıq basqarması baslıǵı X.Bekchanov, Qurılis ministri A.Qurbanbaev, Kadastr agentliginiń Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması baslıǵı I.Tleuov belgilensin.

Qarardıǹ orınlanıwın talqılaw, atqarıw ushın juwapker shólkemler jumısın muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi baslıǵınıń birinshi orınbasarı N. Erlepesovqa júklensin.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi Ministrler Ken’esi baslıg’ı** **F. Ermanov**

Qoraqalpog'iston Respublikasi Vazirlar Kengashining
2023 yil 23 maydagi
153-13-0-Q/23-son qaroriga
1-ilova

## Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Nókis qalası hám rayonlarda 2023-jıl ushın isbilermenlik hám qalasazlıq iskerligin ámelge asırıw maqsetinde awıl xojalıǵına qaratılmaǵan jer uchastkasın ijaraǵa beriwdiń bir kvadrat metr jer uchastkası ushın eń kem muǵdarı*)

| **№** | **Qala hám rayon atı** | **1 kv.metr jer uchastkası ushın bir jıllıq bazalıq salıq summası** (somda) | **Injenerlik-kommunikaciya tarmaqlarına jalǵanıw noqatları** (payızda) | **1 kv.metr jer uchastkası ushın ijaraǵa beriwdiń minimal muǵdarı,** (somda) (5=3*4) |
|---|---|---|---|---|
| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** |
| 1 | Nókis qalası | 3 100,0 | 100,0% | 3 100,0 |
| 2 | Ámiwdariya rayonı | 2 511,0 | 100,0% | 2 511,0 |
| 3 | Beruniy rayonı | 2 511,0 | 100,0% | 2 511,0 |
| 4 | Bozataw rayonı | 1 767,0 | 100,0% | 1 767,0 |
| 5 | Kegeyli rayonı | 1 984,0 | 100,0% | 1 984,0 |
| 6 | Qońırat rayonı | 2 263,0 | 100,0% | 2 263,0 |
| 7 | Qanlıkól rayonı | 1 767,0 | 100,0% | 1 767,0 |
| 8 | Moynaq rayonı | 1 767,0 | 100,0% | 1 767,0 |
| 9 | Nókis rayonı | 1 984,0 | 100,0% | 1 984,0 |
| 10 | Taxtakópir rayonı | 1 767,0 | 100,0% | 1 767,0 |
| 11 | Tórtkúl rayonı | 2 511,0 | 100,0% | 2 511,0 |
| 12 | Xójeli rayonı | 2 511,0 | 100,0% | 2 511,0 |
| 13 | Shımbay rayonı | 2 263,0 | 100,0% | 2 263,0 |
| 14 | Shomanay rayonı | 1 767,0 | 100,0% | 1 767,0 |
| 15 | Ellikqala rayonı | 2 511,0 | 99,7% | 2 503,5 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 16 | Qaraózek rayonı | 1 767,0 | 100,0% | 1 767,0 |
| 17 | Taxıatas rayonı | 2 511,0 | 100,0% | 2 511,0 |

** Jer uchastkasın ijaraǵa beriwdiń minimal usı muǵdarı jańa muǵdarı tastıyıqlanǵan kúnge shekem ámelde boladı.*